ген пайытта белгили бир ҳалатқа байланыслы қоллана бериў мүмкин.

Бул жағынан нақыл-мақаллар жүдә өнимли қолланылатуғын да көркем сөз саналады. Және де олар ҳәр қандай дәўир ушын да ортақ дөретпе болып, әййемги дәўирлерде де, биз жасап турған заманда да сол түринде түсиник алыў мүмкин. Буннан көринип турғанындай аўыз әдебиятының бул әжайып үлгиси ҳәзирги күнде де балалардың эстетикалық талғамын, руўхый ой-өрисин, дүнья танымын раўажландырыўда бийбаҳа мийрас болып табылады.

Жумбақлар да ертеден киятырған фольклорлық дөретпелер қатарына киреди. «Ол ҳәр қыйлы дәўирлердеги ата-аналардың бала ўақтындағы айтқан ҳәм сол жумбақ айтыў арқалы ҳәр түрли қубылысларға дыққат бөлген. Сырлы уғымлар арқалы балалар турмыс әлемлерин ойлап, пикир жүрите билиўге үйренген». [2:41] Мәселен тәбиятқа байланыслы жумбақлар пикирлеўде раўажландырыўда жийе қолланылады:

Ақ сандығым ашылды,
Ишинен гүмис шашылды. (Қуяш)
Жабықта жарты нан (Ай)

Ертеклер дүнья жүзи халықлары арасында көп әсирлерден берли пайда болып киятырған көркем шығарма. Қарақалпақ халық аўызеки дөретпелери арасында ертеклер де өзиниң қызықлы сюжети, образлылығы менен ажыралып туратуғын өзегеше бир жанр. Ертеклерде халықтың әрман еткен қыялый арзыў-үмитлери тийкарғы мазмунды қурайды. Оларда халық өзлериниң сүйикли қаҳарманларын дөреткен. Бул қаҳарманлар халық тилегин әмелге асырыўда ҳеш нәрседен қайтпайтуғын мәрт, ер жүрекли батырлар сыпатында сәўлеленген. Ертеклер шығысы ҳәм мазмуны жағынан қыялый ҳәдийселер ҳаққында ертек, турмыслық ертеклер ҳәм ҳайўанатлар ҳаққында ертеклер болып бөлинеди.

Әжайып (қыялый) ҳәдийселер ҳаққында ертеклерде ақылға уғрас келмейтуғын элементлер, образлар жүдә жийе қолланылады. Мәселен, ушар гилемлер, дәрилик қәсийетке ийе алмалар, жети қабат жер астындағы жоллар, дүньяның қалеген жерин көрип отыратуғын шарайналар. Булардың бәри бир тәрептен қыялый нәрселер болса, екинши тәрептен халық әрман еткен бул предметлердиң ҳәзирги күнде самолёт, дәрилер, метро ҳәм телевизор түринде иске асқанлығын көремиз.

Аўызеки әдебияттың биз жоқарыда айтып өткен барлық түрлери күтә ерте дәўирлерден берли раўажланып келмекте. Халқымыз өтмишиниң ҳәр бир дәўиринде олар келешек әўладларды тәрбиялаўда нәтийжели пайдаланылған.

Бүгинги күнде балаларды педагогикалық ҳәм психологиялық жақтан тәрбиялаўда да бул дөретпелерден кең түрде пайдаланыў лазым. Себеби, ҳәзирги ўақытларда психологиялық жақтан раўажланыў пайытында балаларға ертеден киятырған бай әдебий мийрасларымызды жаңаша тәризде үйретиўди қолға алып, олардың бос ўақытларында, сабақ пайытларында миллий қәдириятларға деген сүйиспеншилигин сиңдирип барыў бизиң баслы ўазыйпамыз. Буның ушын балаларға арналған аўызеки дөретпелерди ҳәр қыйлы реңли, сүўретли китапшалар түринде баспадан шығарыў ислери әмелге асырылса, сондай-ақ ҳәрекетли қосық түриндеги балалар фольклоры улыўма билим бериў орынларында үйретилип барылса, мақсетке муўапық болар еди. Бул жағдай өз гезегинде балалар психологиясының ҳәр тәреплеме өсип раўажланыўына, олардың көркем эстетикалық толғамының өсиўине ҳәм гөззаллыққа куштар болып өсиўине сөзсиз өз тәсирин тийгизеди. Және де мектеп жасындағы балалар ушын да ертеклер, аңызлар қаҳарманлары ҳаққында материаллар, видеофильмлер, видеороликлер, электрон қолланбалар ислеп шығылса, бул олардың оқып ҳәм еситип алғанларына қосымша көргизбелилик пайдалы тәреплерин келтирип шығарады.

## Әдебиятлар

1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. -Нөкис: «Билим», 1994.

2.Курбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты.-Нөкис: «Билим», 1992.

3.Сапарбаев Т. Нравственное воспитание младших школьников средствами устного народного творчество.-АД на соиск. уч.ст. к.п.н.-Ташкент, 1998.

4.Тлегенов А. Воспитание у подростков духовно-нравственных ценностей средствами народных дастанов.-АД на соиск.уч. ст. к.п.н.-Ташкент, 1998.

**РЕЗЮМЕ.** Мақола педагогика назарияси ва педагогика тарихи доирасида педагогика фанларининг ўта долзарб масаласига бағишланиб, унда кичик мактаб ёшидаги болалар психолгиясининг ривожланишида қорақалпоқ халқ оғзаки адабиёти намуналари бўлган болалар қўшиқлари, эртаклар, топишмоқ, тезайтишлар ва мақолларнинг таъсири ва тутган ўрни кенг ёритиб берилган.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена одной из важнейщих проблем педагогической науки изучению и выявлению роли и места жанровых видов каракалпакской фольклорной литературы, как детские стихотворения, сказки, загадки, скороговорки и пословицы и поговорки в психологическом развитии детей школьного возраста в теорическом и историческом аспектах.

**SUMMARY.** The article deals with one the most impontant problems of bringing up school children and the influence of works of Karakalpak folklore as fairy tales, riddles, twisters, proverbs and sayings, children’s poem’s and phymes onto children’s psychology. Thein educational role are kevealed on the bage of theoretical and historical aspecta of pedagogics.

## BASLAWÍSH KLASLARDA IMKANIYATÍ SHEKLENGEN BALALARDÍŃ HUQÍQLARÍN QORǴAWDÍ KEPILLIKLEW

**N.Jamgırbaeva** – *magistrant*

*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** davlat, jamiyat, nogironlik, ijtimoiy himoya, inklyuziv ta'lim, renessans.

**Ключевые слова:** государство, общество, инвалидность, социальная защита, инклюзивное образование, ренессанс.

**Key words:** state, society, disability, social security, inclusive education, renaissance.

Bilimlendiriw sapasın asırıw sonıń menen birge, imkaniyatı sheklengen balalar hám jaslarǵa tálim-tárbiya beriw barısında ámelge asırılıp atırǵan reformalar imkaniyatı sheklengen balalardıń keleshegin qurıwda úlken áhmiyetke

iye. Imkaniyatı sheklengen balalardı sociallıq qorǵaw haqqında sóz ketkende, olardıń qolay sharayatlarda bilim alıwın huqıqıy tárepten támiyinlew zárúr ekenligin aytıp ótiw kerek.

Nagiranlıǵı bar insanlardıń huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı máplerin belgilew:

- olardıń bilim alıw procesinde kemsitiliwine jol qoymaw;
- mektepte basqa teńlesleri tárepinen abıroyın qorǵaw;
- nagiranlıǵı bolǵan shaxslar huqıqların ámelge asırıw haqqındaǵı nızam hújjetlerine ámel etiliwin kepilliklew;
- fizikalıq kemshiligi bar bolǵan balalardıń mektepke shekemgi hám mektepten tıs bilimin, bul tiptegi adamlardıń kásip tayarlıǵın bilim alıwın támiyinlew jáhán ámeliyatında actual áhmiyetli máseleler sıpatında qabıl etilmekte. Mámleket basqıshpa-basqısh hámmeniń sonıń menen birge, nagiranlıǵı bolǵan shaxslardıń biypul orta tálim alıwına erisiw kerek [1].

Ózbekstan Respublikası Prezidenti SH.M.Mirziyoyevtiń BMSHnıń 46-sessiyasında bildirgen "ayırıqsha mútájlikke iye bolǵan shaxslardıń huqıqların támiyinlewge ayırıqsha itibar qaratılǵan. Ózbekstan Parlamenti Nagiranlar huqıqları haqqındaǵı konvensiyanı ratifikaciya qılıwı kútilmekte" [2].

Hár bir insan bilim alıw huqıqına iye bolıp, bilim alıwda baslawısh tálim hám ulıwma bilim beriw biypul bolıwı kerek. Hámmege belgili bala birinshi márte mektepke qádem basar eken, onda ele dúnyaǵa kózqarası tolıq qáliplespegen boladı. Sol sebepli biz baslawısh tálimge kóbirek itibar qaratıw zárúr. Olardıń sanası, pikirlewi durıs qáliplesiwi ushın jaslayınan durıs hám tolıq maǵlıwmatlar beriw, bala tiline túsinikli etip jetkeriw kerek. Máselen, imkaniyatı sheklengen balalar arnawlı internat mekteplerinde oqısa olar ózi sıyaqlılar menen birdey bilim aladı, biraq ayırım waqıtlarda ápiwayı mekteplerde oqıp atırǵan imkaniyatı sheklengen balalarǵa salamat balalar tárepinen kemsitiw, olardıń ústinen kúliw hám olarǵa qopallıq qılıw sıyaqlı jaǵdaylar ushırasadı. Hátte ayırım waqıtlarda oqıtıwshılar tárepinen de kemsitiliwlerge ushırap atırǵanı sır emes. Bul óz ornında balada hár túrli jaman pikirlerdiń payda bolıwına, keleshekte olardıń jetik kamalǵa jetiwinde úlken ziyan keltiredi. Sol sebepli de mámleketimizde imkaniyatı sheklengen balalardıń huqıqların qorǵaw ushın bir qatar is-ilajlar ámelge asırılmaqta. Tálim barlıq xalıqlar ortasında bir-birin túsiniw, birge islesiwge xizmet qılıw kerek. Kishi jastaǵı balaları ushın ata-analar tálim túrin tańlawda imtiyazlı huqıqqa iye [3].

Fizikalıq kemshiligi bar balalardıń bilim alıw huqıqları haqqında pikir júriter ekenbiz baslawısh tálim barlıq mektep jasındaǵı balalar ushın biypul hám májbúriy ekenligi, sonday-aq bul boyınsha heshkimniń kemsitiliwine jol qoyılmaslıǵın ayırıqsha aytıp ótiw kerek. Nagiranlıǵı bolǵan balalardı salamat turmıs ortalıǵına integraciya qılıwdıń eń unamlı jollarınan biri bilimlendiriw tarawınıń inklyuzivligin támiyinlew bolıp tabıladı. Jańa baspadaǵı "Bilimlendiriw haqqında"ǵı nızamnıń 20-statiyasında inklyuziv tálim túsinigine rásmiy táriyp berilgen. Oǵan kóre "Inklyuziv tálim individual tálim mútájlikleri hám túrli individual imkaniyatlardı esapqa alǵan halda barlıq oqıwshılarǵa bilimlendiriw mákemelerinde oqıw ushın keń imkaniyatlar jaratıwǵa qaratılǵan. Inklyuziv tálim balalar ushın tálim shólkemlerinde ámelge asırıladı. Inklyuziv tálimniń maqseti de nagiranlıǵı bar shaxslarǵa ózleri ushın qolay sociallıq ortalıqtı jaratıwdan ibarat"[4].

Inklyuziv tálim (francuzsha "inclusive" – "ózine qosqan" sózinen) – salamat balalardıń fizikalıq jaqtan imkaniyatı sheklengen balalar menen birge oqıtılıwı, qatnasıwın támiyinlew ushın olarǵa ómirlik hám sociallıq kóblikpelerdi iyelew imkaniyatın beredi. Ápiwayı sóz benen aytqanda balalar baslawısh klaslarda jazıwdı úyreniw ushın arnawlı dápterlerden, oqıwdı úyreniw ushın "Álipbe", "Oqıw" kitabı sıyaqlı sabaqlıqlardan paydalanǵanı sıyaqlı imkaniyatı sheklengen balalarǵa da sonday sharayatlar jaratılıwı kerek. Atap aytqanda, kózi kórmeytuǵın hám qulaǵı esitpeytuǵın balalardı oqıtıw ushın Brayl álipbesin bilimlendiriwge engiziw hám olardı jeterli mektep sabaqlıqları menen támiyinlep beriw maqsetke muwapıq bolatuǵın edi. Bunnan tısqarı olarǵa durıs bilim beriw ushın joqarı tájiriybege iye pedagog-kadrlardı tayarlaw máseleleri de bar. Sonday-aq, olardıń kóbirek nátiyjelerge erisiwi ushın marapatlaw ushın qosımsha is-ilajlardı shólkemlestiriw kerek. Máselen, olar ushın túrli sport jarısları, bilim hám kónlikpelerin sınaw ushın zakovat, viktorinalar hám sol sıyaqlı olarǵa atnalǵan basqa túrdegi kesheler hám baǵdarlamalardı shólkemlestirilse, balalarda oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqların jáne de arttırıwǵa xizmet etken bolar edi [5].

Sonıń menen birge, balalardıń mektepke turaqlı túrde barıwına járdemlesiw hám de mektepti taslap ketetuǵın oqıwshılar sanınıń artpawı ushın ilajlar ámelge asırılmaqta. Atap aytqanda, nagiranlıǵı bolǵan balalardıń kemsitiliwine jol qoymaw boyınsha kompleks sharalar kóriw, nagiranlıǵı bolǵan shaxslardıń abıroyın qorǵaw, imkaniyatı sheklengen balalardıń huqıqları hám imkaniyatları teńligin basqa balalar menen teń túrde támiyinlew, nagiranlıǵı bolǵan shaxslardı mámleket hám jámiyet turmısına tartıw, olardı inklyuziv tálim (mektepke shekemgi, mektepten tıs, ulıwma orta, orta arnawlı, professional, joqarı hám joqarı oqıw ornınan keyingi) alıw imkaniyatın támiyinlew sıyaqlı bir qatar baǵdarlar qosımsha mútájlikke iye shaxslar huqıqların belgilewde ayqın kórinedi [6].

Biz nagiranlıǵı bolǵan shaxslar bilimi haqqında sóz etkende, xalıqaralıq dárejedegi yuridikalıq hújjetlerde bul boyınsha tuwrıdan-tuwrı baylanıslılıq bar ekenligine kóz jetkizdik. Imkaniyatı sheklengen shaxslar barlıq dárejedegi bilimlendiriw shólkemlerinde bilim alıw hám óziniń qábiletin jáne de rawajlandırıw ushın ómiri dawamında bilim alıw hám de jámiyet hám mámleket turmısında qatnasa alıw huqıqına iye. Mámleket nagiranlıǵı bolǵan shaxslardıń inklyuziv tálimin rawajlandırıwdı, olardıń bilim alıwın kepillikleydi. Bilimlendiriw shólkemleri mámleketlik organları menen birgelikte nagiranlıǵı bolǵan balalardıń mektepke shekemgi, mektepten tıs hám ulıwma orta bilim alıwın támiyinleydi [7].

Fizikalıq imkaniyatı sheklengen shaxslar jaǵdayı hám olardıń bilim alıwǵa mútájliklerinen kelip shıqqan halda bilim alıw formaları dúnya mámleketleri tárepinen hár túrli aytıladı. Sol mániste, ayırıqsha itibarǵa mútáj insanlar bilim alıw formaları bir neshe túrlerge bólinedi:

1. integraciyalasqan tálim
2. arnawlı tálim
3. inklyuziv tálim

Integraciyalasqan tálim – imkaniyatı sheklengen oqıwshınıń itibar menen úy sharayatında oqıtıwda kórinedi [8].

Integraciyalasqan tálimniń ózine tán jaqsı hám jaman tárepleri bar. Jaqsı tárepi sonda, imkaniyatı sheklengen balalar úy sharayatında bolsa da bilim alıp, sawat ashadı hám dúnyaǵa kóz qarasın keńeytedi, sanasın rawajlandıradı sonıń menen bir qatarda erkin pikirlewdi úyrenedi. Al, jaman tárepi bolsa, olar sırtqı álemnen úzilip qalıwında kórinedi. Nagiranlıǵı bar balalardıń arnawlı bilimlendiriwge bolǵan mútájligi olardıń standart rawajlanıwındaǵı kemshilikler menen tuwrıdan-tuwrı baylanıslı. Mútájligi bar balalardıń fizikalıq tárepten sheklengenligi olardıń arnawlı bilim alıw tiykarında bilim alıwı áhmiyetli faktor bolıp xizmet qıladı. Bul másele boyınsha jáhán tájiriybesinde bir qansha arnawlı oqıw baǵdarlamalarına iye internat-mektepler bar.

Imkaniyatı sheklengen balalarǵa arnalǵan mektepler tómendegi túrlerge bólinedi:

1. qulaǵı esitpeytuǵın balalar ushın mektep-internatlar;
2. áste esitetuǵın hám keyinshelik esitpey qalǵan balalar ushın mektep-internatlar (1,2-bólim);
3. kózi kórmeytuǵın balalar ushın mektep-internatlar;
4. ázzi kóretuǵın balalar ushın mektep-internat;

5. sóylewinde kemshiligi bolǵan balalar ushın mektep-internat;

6. tayanısh-háreket apparatında kemshiligi bolǵan balalar ushın mektep-internat;

7. psixikalıq rawajlanıwı tómen balalar ushın mektep-internat;

8. aqlıy kemis balalar ushın mektep-internatlar.

Fizikalıq imkaniyatı sheklengen balalarǵa arnalǵan mektepler 7 jastan baslap, tayarlaw toparlarında bolsa 5-7 jastan qabıllanadı. Imkaniyatı sheklengen balalardıń bilim alıw huqıqın qorǵaw maqsetinde ulıwma bilim beriw mektepleri ushın belgilengen jas normasınan 2 jılǵa asqan balalardı qabıllawǵa ruxsat etiledi.

Joqarıda keltirilgen pikirlerden kelip shıqqan halda dúnya mámleketleri tárepinen sociallıq qorǵaw sistemasınıń áhmiyetli subiekti sıpatında qaralatuǵın nagiranlıǵı bolǵan shaxslar tálimi sociallıq qorǵawdıń eń baslı baǵdarlarınan biri ekenligin kóriwimiz múmkin.

Búgingi kúnde bolıp atırǵan jańalıqlar hám innovacion rawajlanıwlar, reformalar imkaniyatı sheklengen insanlardıń huqıqıy tárepnen qorǵalıwın ele de bekkemlewge qaratılǵan. Bul proceslerdiń arnawlı hám de inklyuziv tálim mısalında ámelge asırılıp atırǵanlıǵı xalıqaralıq huqıqıy hújjetlerde belgilengen huqıq hám imkaniyatlar menen xarakterlew múmkin. Qosımsha mútáj-likke iye insanlar bilimi sistemasındaǵı xalıqaralıq standart-larǵa tiykarlanǵan normativ-huqıqıy hújjetler olardıń turmıs tárizin jaqsılawda sheshiwshi áhmiyetke iye esaplanadı.

Mámleketimizde jaslardıń bilim alıwına olardıń sociallıq huqıqlarınıń buzılmawına siyasat dárejesinde itibar qaratılmaqta, sebebi jaslar keleshek iyeleri sonıń menen birge imkaniyatı sheklengen balalardıń da ornı ayırıqsha. Imkaniyatı sheklengen balalardıń bilimin jetilistiriw, olardıń qábiletlerin júzege shıǵarıw arqalı olardıń basqa teńlesleri sıyaqlı sheksiz imkaniyatlarǵa iye ekenligin kórsetip beriw, dúnyaǵa kózqarasın keńeytip ele de ómirde óz ornın tabıwǵa járdemlesiw baslı maqsetlerimizdiń ámelge asıwında óz tásirin tiygizedi.

**Ádebiyatlar**


1. Nogironlar huquqlari to’g’risidagi xalqaro konvensiya protokoli parlament a’zolari uchun qo’llanma. 13.12.2006. – B.2. (Protocol to the International Convention on the Rights of Persons with Disabilities Guide for Members of Parliament. 13.12.2006. - P.2.)

2. Prezident Shavkat Mirziyoyevning BMT Inson huquqlari bo’yicha kengashining 46- sessiyasidagi nutqi 22.02.2021 (Speech by President Shavkat Mirziyoyev at the 46th Session of the UN Human Rights Council 22.02.2021) https://president.uz/en/lists/view/4179

3. Inson huquqlari umumjahon Dekloratsiyasi 10.12.1948 26-M.//https://uz.wikipedia.org/ wiki/ inson huquqlari_umumiy_deklaratsiyasi (Universal Declaration of Human Rights

4. Convention on the Rights of Persons with Disabilities. New York, United Nations, 2006 //www.un.org/disabilities (Convention on the Rights of Persons with Disabilities. New York, United Nations, 2006 //www.un.org/disabilities).

5. “Nogironlar huquqlari to’g’risida”gi konvensiya protokoli 13.12.2006. – B. 100 (Protocol to the Convention on the Rights of Persons with Disabilities dated 13.12.2006. - P. 100).

6. Bola huquqlari to’g’risidagi konvensiya 20.11.1989 28-29-M. (Convention on the Rights of the Child 20.11.1989 28-29-M.)// https://lex.uz/docs/-2595913

7. O’zbekiston Respublikasining “Nogironligi bo’lgan shaxslar huquqlari to’g’risida”gi O’RQ641-son Qonuni 15.10.2020// (Law of the Republic of Uzbekistan "On the Rights of Persons with Disabilities" LRU-641/ 15.10.2020)// https://lex.uz/docs/-5049511

8. O‘zbekiston Respublikasining “Bola huquqlarining kafolatlari to‘g‘risida”gi Qonuni 4-M. 07.01.2008



**REZYUME.** Imkoniyati cheklangan bolalar alohida e’tibor talab etiladigan jamiyatning muhim qatlami hisoblanadi. Maqolada inklyuziv ta’lim misolida O‘zbekistonda imkoniyati cheklangan bolalarni ijtimoiy himoya qilish masalalari, bu borada qabul qilingan huquqiy-me’yoriy hujjatlar, yaratilgan shart-sharoitlar tahlil qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** Дети с ограниченными возможностями-важный слой общества, требующий особого внимания. В статье на примере инклюзивного образования будут проанализированы вопросы социальной защиты детей с ограниченными возможностями здоровья в Узбекистане, принятые в связи с этим нормативно-правовые акты, созданные условия.

**SUMMARY.** Children with disabilities are an important layer of society that requires special attention. The article, using the example of inclusive education, will analyze the issues of social protection of children with disabilities in Uzbekistan, the regulatory legal acts adopted in this regard, the conditions created.


## UMUMIY O`RTA TA’LIM MAKTABLARI TO`GARAKLARI FAOLIYATI JARAYONIDA TA’LIMIY METODLARDAN FOYDALANISH


**Sh.S.Jumanov –** *tayanch doktorant*

*Samarqand davlat chet tillar instituti*



**Tayanch so‘zlar:** badiiy to‘garak, hissiy (emotsional) dramaturgiya, kompozitsiya, badiiy matn**,** reproduktiv metod, amaliy metod, ko‘rgazmali metod

**Ключевые слова:** художественный кружок, эмоциональная драматургия, драматургия, композиция, художественный текст, репродуктивный метод, практический метод, демонстрационный метод.

**Key words:** literary club, emotional (emotional) drama; composition, literary text, reproductive method, practical method, demonstrative method.


So‘nggi yillarda mamlakatimizda ta’lim-tarbiya tizimini rivojlantirish davlat siyosati darajasiga ko‘tarilib, farzandlarimizning jahon andozalariga mos sharoitlarda zamonaviy bilim va kasb-hunarlarni egallashlari, jismoniy va ma’naviy jihatdan yetuk insonlar bo‘lib voyaga yetishlarini ta’minlash, ularning qobiliyat va iste’dodi, intellektual salohiyatini ro‘yobga chiqarish, yoshlarimiz qalbida ona yurtga sadoqat va fidoyilik tuyg‘ularini kamol toptirish borasida ulkan ishlar amalga oshirilmoqda [1:13].

Darsdan tashqari to`garak ishlari yordamida komil insonni shakllantirishning eng zamonaviy va qulay yo‘nalishlarini topib joriy etish jarayonida o‘ziga xos metodlardan foydalanish katta ahamiyatga ega.

Ijodiy va ta’lim to`garaklarini faoliyatini shakllantirish va rivojlantirish turlicha tuzilishi mumkin. Mashg‘ulot shakli, maqsadi, mazmuni, pedagogik jihatdan o‘ziga xosligi, shuningdek ish rejalari fan mantiqini hisobga olgan holda, bolalar yoshi va imkoniyatiga ko‘ra farqlanishi lozim. O‘quvchilarni serqirra, atroflicha ta’sir etuvchi estetik qadriyatlarga yo`naltirish lozim. Birinchi navbatda milliy qadriyatlar, ona zamin tabiati, milliy xalq san’ati, Sharqning, O‘zbekistonning badiiy madaniyati, tarixiga muhabbat tuyg‘usini rivojlantirish shular jumlasidandir.

Ijodiy va ta’lim to`garaklarining faoliyati tizimli tatbiq etishga ko‘ra uch vazifa birligi-ilmiy, rivojlanib borish, psixoligik va pedagogik jarayonlar mushtarakligiga, ta’lim jarayonida jamiyat talablarini e’tiborga olishga, yangicha bilimlarga amal qilish kabi qoidalar asosida tarkib topishi kerak. Ular asosida o‘quvchi shaxsiyatiga nisbatan yo‘nalish belgilaniladi. Bu maqsadlarga erishish uchun o‘quvchilar bilan to‘garak, san’atning ayrim turlarini, jahon va milliy madaniyatini o‘rganish va boshqa tarbiya shakllaridan foydalanish mumkin. Darsdan tashqari ishlarning barcha turlarida amalga oshirilayotgan va yana qayta tiklanayotgan turli dasturlarda shaxs shakllanishiga, ma’naviy ma’suliyat bilan yashashga o‘rgatishni shakllantirshga e’tibor qaratilishi lozim. Ayniqsa o‘rta va katta yoshdagi o‘quvchilarni o‘z bilim va malakalarini mustaqil oshirishlariga o‘rgatish kerak.

Qobiliyatli va iste’dodli tarbiyalanuvchiga alohida munosabatda bo‘lish kerak (ommaviy tadbirlardan keng foydalanish, suhbatlar, madaniyat, san’at namoyondalari bilan uchrashuv konferensiyalar hisobot chiqishlar,